

18 avril

Epi, Jezi rele byen fò, Li di : Papa, mwen remèt les-pri mwen nan men ou ! lè L fin di bagay sa yo, Li rann dènnye souf Li. Lik 23. 46

Se fini

Krisifiksyon, se te youn nan kondanasyon ki pi kriyèl. Apre plizyè lè l ap soufri, viktim nan rann dènnye souf li lè li toufe epi akable. Men se pa konsa Jezi te mouri. Donk, Li te mouri ak yon “gwo rèl”. Avan Li, tankou apre Li, okenn moun yo te krisifye pa t mouri konsa. Pa gen pèsonn tankou Kris la ki te gen pouvwa sou lavi li, jis pou li te ka di : “Pèsonn pa pran li nan men m. Okontrè, se mwen menm ki bay li. Mwen genyen pouvwa pou mwen bay li. Mwen genyen pouvwa pou mwen pran li ankò : Se kòmnanman sa mwen te resevwa nan men Papa mwen” (Jan 10. 18). Ofisyè women ki te responsab pou egzekite kondane yo, li tèlman etone lè li wè kòman Jezi mouri, li di : “An verite, nonm sa te pitit Bondye” (Mak 15. 39).

Tout moun ki te la yo te ka tande pawòl sa Jezi te di sou lakwa : “Se fini”, nan orijinal grèk la se yon sèl mo, yo jwenn sou bòdwo yon moun fin peye : “Tetelestai”. Se te kòm si pou te di gwo dèt peche a peye. Moun ki akseptè l la, pa dwe Bondye anyen ankò.

*“Se fini”, zèv lagras la fèt.
Finalman, rèl laviktwa parèt.
Sila ki mouri lè l bese tèt li an,
Gen laviktwa ! Se fini.*

*Lòm ki pèdi nan fon mizè li,
Wè Jezi aboli peche.
Pou li peye salè terib sa
Li te soufri. Se fini.*

18

avril

Ayant crié d'une voix forte, Jésus dit : Père ! entre tes mains je remets mon esprit. Ayant dit cela, il expira.

Luc 23. 46

C'est accompli

La crucifixion était un supplice cruel entre tous. Après des heures de souffrances, la victime succombait par asphyxie et épuisement. Mais ce n'est pas ainsi que Jésus est mort. En effet, il a expiré avec un "grand cri". Avant lui, comme après lui, aucun crucifié n'est mort de cette manière. Nul autre que le Christ n'avait de pouvoir sur sa vie, dont il pouvait dire : "Personne ne me l'ôte, mais moi, je la laisse de moi-même ; j'ai le pouvoir de la laisser, et j'ai le pouvoir de la reprendre : j'ai reçu ce commandement de mon Père" (Jean 10. 18). L'officier romain responsable de l'exécution des condamnés, étonné d'une telle mort, s'écrie : "Véritablement, cet homme était Fils de Dieu" (Marc 15. 39).

Tous ceux qui étaient là ont pu entendre cette parole prononcée du haut de la croix : "C'est accompli", un seul mot dans l'original grec, qu'on retrouve sur d'anciennes factures acquittées : "Tetelestai". Comme pour signifier que l'immense dette du péché était payée. Celui qui l'accepte pour son propre compte ne doit plus rien à Dieu.

"C'est accompli". L'œuvre de grâce est faite.

De la victoire enfin monte le cri.

Celui qui meurt, ayant baissé la tête,

A triomphé ! C'est accompli.

L'homme perdu, du fond de sa misère,

Voit le péché par Jésus aboli.

Pour en payer le terrible salaire,

Il a souffert. C'est accompli.